ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№75 (24.513) • 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 24, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

• Къэрал Iуэху



# ЩIыналъэхэми сэбэп яхуэхъун хуэдэу

**Урысей Федерацэм ФедерацэмкIэ и Советым Бюджетхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым хэтхэр лэжьыгъэ IуэхукIэ Налшык къалэ къэкIуащ.**

ЯПЭ махуэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хьэщIэхэм яригъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IэнатIэхэм ящыщу Налшык шэ комбинатыр, «Сады Приэльбрусья», «Сады Баксана» мыIэрысэ щагъэкI, щахъумэ IуэхущIапIэхэр, «СтройМаш»-р. А IэнатIэ псори хуолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фIагъ лъагэ иIэу, экологие и лъэныкъуэкIэ къабзэу къыщыщIагъэкIхэмрэ щагъэкIхэмрэ урысей щэхуакIуэм яIэрыгъэхьэным. КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ ди хэкум къыщыщIагъэкIхэмкIэ хамэ къэралхэм къэрашхэр зэхъуэкIыным нэхъри зэрызегъэужьыпхъэм, къэралым, щIыналъэм и мэкъумэш IэнатIэр лэжьэкIэщIэм хуэгъэкIуэным папщIэ хэкIыпIэхэм.

ЕтIуанэ махуэм КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ ФедерацэмкIэ Советым Бюджетхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым хэтхэм я зэIущIэ. Абы хэтащ Комитетым и унафэщI Артамонов Анатолий, абы и къуэдзэхэр, комитетым щылажьэ сенаторхэр, видео-зэпыщIэныгъэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу Iуэхум къыхэлэжьыхьащ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ, Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ, Лэжьыгъэмрэ цIыхухэр социальнэу хъумэнымкIэ, ФинансхэмкIэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэхэм, УФ-м и Къэзыбж палатэм я лIыкIуэхэр, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и къуэдзэ Надыкто Владимир, ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ федеральнэ фондым и унафэщIым и къуэдзэ Царевэ Ольгэ, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, абы и къуэдзэхэу Хъубий Маратрэ Говоров Сергейрэ, министрхэу Рахаев Борис, Лисун Еленэ, Езауэ Анзор, Асанов Алим, Къалэбатэ Рустам, Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Гъащтэ Аурикэ, КъБР-м Налог IэнатIэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI ГуэбэщIыкI Аслъэн сымэ, нэгъуэщIхэри.

*(КIэухыр 2-нэ нап.)*

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ЩIалэгъуалэм я махуэм хуэгъэза и хъуэхъу

ПщIэ зыхуэсщI ныбжьэгъухэ! ЩIалэгъуалэм я махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

А махуэщIыр яхуэгъэзащ ди къэралым и цIыху жыджэрхэм, зи мурадхэм ерыщу хуэкIуэфхэм. Дэ дрогушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм, абыхэм еджэнымрэ лэжьыгъэ IэнатIэмрэ, щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ, творчествэмрэ спортымрэ, жылагъуэ Iуэхухэм щызыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэм.

Мы зэманым федеральнэ, щIыналъэпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр къэрахьэжьэ, вбгъэдэлъ зэчий зэмылIэужьыгъуэхэм нэхъри зегъэужьыным, творчествэрэ IэщIагъэкIэ фи зэфIэкIхэм адэкIи хэгъэхъуэным, къывбгъэдэкI проектхэмрэ жэрдэмхэмрэ дэIыгъыным хуэгъэпсауэ. Мурад лъагэхэр зыхуэвгъэувыж икIи ерыщу, тегушхуауэ фыхущIэкъу абыхэм фалъэIэсыным. ИтIанэ Iэмал имыIэу ехъулIэныгъэ зыIэрывгъэхьэфынущ.

Фэ, зи щIалэгъуэхэм, къыфпэщылъщ Урысей къэралыгъуэщIэр, къарууфIэр, иджырей мардэхэм хуэкIуэр фухуэну. Быдэу си фIэщ мэхъу ди республикэм и щIалэгъуалэр, къэралым щекIуэкI гъащIэмкIэ, абы и къэкIуэнумкIэ жэуаплыныгъэ лъагэ зыхэфщIэу, жыджэрагъышхуэрэ къарурэ фхэлъу, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэкумрэ яфI къызэрыкIын IуэхугъуэфI куэдым я жэрдэмщIакIуэу дяпэкIи фызэрыщытынур.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэрэ насыпрэ фиIэну, фи мурадхэм фазэрылъэIэсын фIэщхъуныгъэрэ къарурэ фыщымыщIэну.

**2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-р щымылажьэ махуэу гъэувыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и УКАЗ

«Я фIэщхъуныгъэр зыхуэдэнур езыхэм яубзыхужынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я IуэхукIэ» 1997 гъэм фокIадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм зэрызыкъытхуигъэзам ипкъ иткIэ Къурмэн хьид махуэшхуэм, 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м къыщыщIэдзауэ и 30-м пщIондэ ягъэлъапIэм, теухуауэ **унафэ сощI**:

2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щымылажьэ гуфIэгъуэ махуэу щыгъэувын.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м*
*№60-УГ*

• ГуфIэгъуэ пшыхьхэр

# Фи гугъапIэ нэхухэм фалъэIэсыну!

**УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм зэриубзыхуам тету, мы махуэхэм ди къэралым и щIыналъэ псоми щокIуэкI курыт школыр къэзыуххэм папщIэ гуфIэгъуэ пшыхьхэр. Апхуэдэ зи щIалэгъуэхэм я бжыгъэр мы гъэм мин 825-м щIегъу. IэнатIэм и унафэщI Кравцов Сергей зэрыжиIамкIэ, иужьрей илъэсхэм еплъытмэ, мыгъэрей пшыхьхэр нэхъ зэIухауэ, хуиту, шэщIауэ йокIуэкI, сыту жыпIэмэ дуней псор зэщIэзыщтауэ щыта коронавирус уз зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм ехьэлIауэ щыта Iуэхугъуэ ткIийхэр щыIэжкъыми.**

КУРЫТ школыр къэзыуххэм я пшыхь ин нобэ, мэкъуауэгъуэм и 24-м, щекIуэкIынущ Москва и Утыку Плъыжьым. НыбжьыщIэхэм я гуфIэгъуэр даIэтыну абы къекIуэлIэнущ къэрал къулыкъу лъагэ зыIыгъхэр, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, егъэджакIуэ пашэхэр, адэ-анэхэр, ныбжьэгъухэмрэ благъэхэмрэ. Нышхьэбэ ди къэралым щызэхашэ хабзэ пшыхьхэм къахолыдыкI «Парус плъыжьхэр» фIэщыгъэр зиIэу илъэс 20-м нэсауэ Санкт-Петербург щекIуэкI хабзэ гуфIэгъуэ пшыхьыр. А нэгузыужь зэхыхьэм, дапщэщи хуэдэу, къызэщIрагъэубыдэ ныбжьыщIэхэм гукъинэж ящыхъун Iуэхугъуэ куэд. Нева псым трагъэхьэнущ жьыкIэ зекIуэ кхъуафэжьей, и чэтэн плъыжьым дэхуарзэу. Къалэр зэрыщыту къызэхикIухьурэ абы гуфIэгъуэм хэтыным псори къыхуреджэ. ИтIанэ, сыхьэт 22-м щIидзэнурэ щыхьэритIми нэху щыху щекIуэкIынущ концерт инхэр. НыбжьыщIэхэм папщIэ нэхущым ягъэлъэтэнущ хьэрэкIытIэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Москварэ Санкт-Петербургрэ нобэ щызэхашэну гуфIэгъуэ зэхуэсхэм яхуэдэ дыдэу щымытами, ди республикэм и курыт школ псоми дыгъуэпшыхь къыщызэрагъэпэщащ пшыхь дахэхэр. 9-нэ, 11-нэ классхэр ныбжьыщIэ 15014-м къаухащ мы гъэм, абыхэм ящыщу мини 4-м щIигъум курыт щIэныгъэ ягъуэтащ. Абыхэм яхэттэкъым зи гукъыдэжкIи теплъэкIи дагъуэ гуэри зыхуэпщIын:



дэтхэнэми и нэгум къищырт гуфIэгъуэм и нурыр, я гукъыдэжри «къыщхьэпрыпкIыным» хуэдэти, пкъым изэгъэжыртэкъым. ЕкIут ди бгырыс щIалэхэр. Данэпсым зэрехьэ зыхужыпIэным хуэдэт пщащэ цIыкIухэм я бостей дахэхэри.

*(КIэухыр 3-нэ нап.)*

adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ

# Зи фэеплъ мыкIуэдыжынухэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Фэеплъымрэ нэщхъеягъуэмрэ я махуэм и дамыгъэ «ЩIыхьым и мафIэ мыужьыхым» удз гъэгъа щыгралъхьэ Iуэхугъуэм. Ар ирагъэхьэлIат Хэку зауэшхуэр къыщыхъея мэкъуауэгъуэм и 22-м.**

ТЕКIУЭНЫГЪЭМ папщIэ зи псэр зытахэр ягу къагъэкIыжыну зэхуэсым къекIуэлIащ УФ-м и Суд приставхэм я къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI - Урысей Федерацэм и суд пристав нэхъыхьэ Аристов Дмитрий, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, Налшык къалэ администрацэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймураз сымэ, зауэм хэта ветеранхэр, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, «Юнармия» сабий-ныбжьыщIэ зэщIэхъееныгъэу Урысейм щыIэм хэтхэр. Апхуэдэ дауэдапщэхэр щызэхэтащ республикэм и къалэхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэм республикэм ис цIыхубэм а нэщхъеягъуэм епха псалъэхэмкIэ захуигъэзащ:

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Нобэ - Фэеплъымрэ нэщхъеягъуэмрэ я махуэм - ди тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ гущIыхьэхэм ящыщ зы дигу къыдогъэкIыж - 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м Хэку зауэшхуэм щIидзауэ щыташ. Ди къэралым щыпсэу цIыхубэм дежкIэ ар гузэвэгъуэшхуэу къыщIэкIат. Зауэр зылъэмыIэса зы унагъуи, зы уни къэнакъым. Ауэ апхуэдэ гъэунэхугъуэ гущIэгъуншэм совет цIыхубэр иригъэкIуэтакъым, я псэм хэлъ къарур къагъэлъагъуэу, дуней псом ирагъэлъэгъуащ лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм хузэфIэкIынур.

Ди адэхэмрэ абыхэм я адэжхэмрэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щапхъэ мыкIуэдыжын къагъэлъэгъуащ, лъэпкъым и хуитыныгъэм лъэгущIыхь зыхуащIри, адэжь щIэину щыт Хэкур зэрыпхъуакIуэхэм къррагъэлащ.

Дэ фIыщIэ яхудощI цIыхупсэ мелуан бжыгъэ зыщIата ТекIуэныгъэр гъунэгъу къэхъуным щIэбэнахэм. Зэи дигу ихужынукъым ди цIыхухэм зэрахьа а лIыгъэшхуэр.

Нобэ абыхэм ядэплъейуэ, Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэр я гъуазэу, хахуагъэрэ лIыгъэрэ къагъэлъагъуэу, а къалэн дыдэр ягъэзащIэ Урысейр хуиту, и щхьэ и унафэ ищIыжу дунейм тетыным щIэбэну дзэ Iуэху хэхам хэтхэм. Мы махуэ лъапIэм абыхэм дохъуэхъу икIэщIыпIэкIэ ТекIуэныгъэр я Iэпэгъуу къагъэзэжыну. Лъахъшэу захудогъэщхъ зауэм хэта ветеранхэм. ХэкIуэдахэм я цIэхэр зэи ди гум ихужынукъым», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.



# Къэрал Думэм и депутатым IуощIэ

**«Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и Iуэху зыIутхэр зригъэщIэну Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуа, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Демченкэ Иван КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ УФ-м и Президентым и жэрдэмкIэ къыхалъхьа, егъэджэныгъэм пыщIауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр зэрагъэзащIэм. ФокIадэ мазэм Къэбэрдей-Балъкъэрым школыщIэу 3 къыщызэIуахынущ, илъэсым и кIэм ирихьэлIэу школи 7-м я ухуэныгъэхэр нагъэсынущ, етIанэгъэ 9 хьэзыр хъунущ. Егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм щыпащэ, мы илъэсым школ 40 зыхуей хуагъэзэжынущ, абыхэм я нэхъыбэр къуажэхэм дэтщ.

Апхуэдэу зэIущIэм и гугъу щащIащ 2022 гъэм партым и щIыналъэ къудамэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэм, абыхэм ящыщу дзэ Iуэху хэхам хэту къулыкъур езыхьэкIхэм зэрадэIэпыкъуми къытеувыIащ. КъищынэмыщIауэ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэIыгъыным хуэгъэпсауэ къызэрагъэпэща, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и лэжьыгъэми тепсэлъыхьащ.

# Суд приставхэм захегъэгъуазэ

**КIуэкIуэ Казбек хуэзащ мы махуэхэм КИФЩI-м и хэгъэгухэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щызекIуэ, Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI - УФ-м и суд пристав нэхъыщхьэ Аристов Дмитрий.**

АХЭР тепсэлъыхьащ щIыналъэм и суд приставхэм я IэнатIэр къыпэщыт къалэнхэм зэрехъулIэм, социальнэ мыхьэнэ зиIэ упщIэхэр зэфIэхынымкIэ IуэхущIапIэмрэ республикэм и къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ зэрызэдэлажьэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



# ЩIыналъэхэми сэбэп яхуэхъун хуэдэу

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

ЗэIущIэр теухуауэ щыташ УФ-м 2024 гъэм, 2025 - 2026 гъэхэм тещIыхьа и бюджетым и зэхэлъыкIэм УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хилъхьэну иубзыхухэм. Зэхуэсыр къыщызэIуихым комитетым и тхьэмадэ Артамонов Анатолий ди республикэм щилъэгъуа IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу къызэрызэгъэпэщар жиIащ икIи мэкъуэмэш IэнатIэм, псом хуэмыдэу мыIэрысей гъэкIыным зэрехъулIэр, адрей хэгъэгухэми щапхъэ трахын зэрыхуейр къыхигъэщащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и жыг хадэхэм къыщыпача мыIэрысэхэр куэдкIэ нэхъ IэфIщ икIи нэхъыфIщ нэхъапэм Польшэм, нэгъуэщI къэралхэм кърашу щытахэм нэхърэ, - жиIащ Артамоновым. - Псом нэхъыщхьэращи, мыIэрысей жыгыщIэ цIыкIухэр гъэкIынри, ахэр хэсэнри, ехьэлIапхъэ псори къызэгъэпэщынри езы республикэ кIуэцIым щызэфIокI, зыщIыпIи зыри кърамышу, КъищынэмыщIауэ, къыпачыжа пхъэщхьэмыщхьэхэр хъумэнри ахэр къызэрырашэкIри езыхэм я къарукIэ зэтраухуэжащ. Апхуэдэ IуэхущIапIэхэр къэралым щыгъэбэгъуэн хуейщ. Шэ щащI заводыр зэдгъэлъэгъуащ, поликлиникэ иным и ухуэныгъэр зэрекIуэкIым деплъащ, курыт еджапIэхэм дыщыIащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ а IуэхущIапIэхэм зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыху акъылыфIэхэр зэрыщылажьэр, упщIэ лей хэмыту езыхэм я зэфIэкIымрэ щIэныгъэмкIэ адрейхэм ядэгуашэу зэрылажьэм гу зэрылъыстар».

Комитетым ди республикэм щригъэкIуэкI зэIущIэр зытеухуам щытепсэлъыхьым, Артамонов Анатолий жиIащ УФ-м 2024 гъэм, 2025 - 2026 гъэхэм тещIыхьа и бюджетым и зэхэлъыкIэм ФедерацэмкIэ Советым хилъхьэнухэр зэригъэхьэзырар, Налшык къыщаIэтыну Iуэхугъуэхэри абы зэрыдыщIагъужынур.

- Нэхъыбэу зытедгъэщIэну ди мурадыр экономикэм и IэнатIэ щхьэхуэхэм зегъэужьынымрэ цIыхухэм социальнэу ядэIэпыкъунымрэ теухуауэ щIапхъэхэрщ. Абыхэм я лъэныкъуэкIэ куэд щызэфIагъэкIащ ди къэралым, ауэ, гу зэрылъыттэщи, иджыри дызэлэжьын щыIэщ, жиIащ Артамоновым. - Дэ бюджет сомым фейдэ нэхъыбэ къызэрыпэкIуэнырщ, дызэлIэлIэн хуейри, ар къыдэхъулIэн папщIэ акъыл зэхэдзэкIэ Iуэхум дыбгъэдыхьапхъэщ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, бюджетым къэралми, абы щыпсэухэми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, абы къыхэкIыу, фейдэ нэхъыбэ къызэрыпэкIуэнум хуэдэу ахъшэр зэдгъэзэхуэн хуейщ.

Псом япэрауэ, гулъытэ хэха худощI щIыналъэхэм, ди къэралым иджыблагъэ къыхагъэхьэжа хэгъэгущIэхэм я зыужьыныгъэм. Кавказ Ищхъэрэм хуэдэ щIыналъэхэм я гуащIэр къызэрымыкIуэщ, мылъкукIэ дадэIэпыкъумэ, къэралым къыхуэсэбэпын куэд щащIыфынущ, къыщызэIуахыфынущ, щагъэлэжьэфынущ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, ди цIыхухэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэнымкIэ мы щIыналъэр икъукIэ щхьэпэщ. Псоми фощIэж, Кисловодск Урысейм и гъэмахуэ щыхьэру къалъытэу зэрыщытар. Абы пэгъунэгъу кавказ къалэхэри зыкIи нэхъ махэкъым.

Дэ нобэкIэ ди къалэн нэхъыщхьэр сыт и лъэныкъуэкIи егупсысауэ бюджетыр зэхэгъэувэнырщ, тхузэфIэкIынур, пэж дыдэу гъащIэм хэтпщэфынур къыщыгъэлъэгъуауэ. Армыхъуамэ, дызыхэпсэукI зэманым ахъшэ лей зытедгъэкIуэдэн гуэри Iуэхум хэдгъэхьэ хъунукъым. Къытпэщылъ илъэсищым нэхъ япэ игъэщыпхъэу щыIэ псори къэлъытэн хуейщ, шэч хэмылъу.

Апхуэдэуи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Урысейм хэту псэумэ нэхъ къащтэу къыдгухьэжа цIыхухэм я пащхьэ щытхь жэуаплыныгъэр. Илъэс зыбжанэкIэ бэлыхь хэмыкIыу псэуа цIыхухэм яIуэтэжын, щIыналъэхэм зыкъаужьыжын папщIэ тхузэфIэкI псори тщIэн хуейщ. Абы къикIыркъым, щIэуэ къыдгухьэжа хэгъэгухэм папщIэ дэ зыгуэрхэм зыхуэдгъэныкъуэну, мылъкур зэдгъэзахуэмэ, псоми яхурикъунущ. ДызыхэпсэукI зэманым зыдужьын папщIэ къыдит Iэмалхэр экономикэм папщIэ къэдгъэсэбэпыпхъэщ. Дэ долъагъу фэтэр куэду зэхэт унэхэр еужьэрэкIыу зэраухуэр, хьэрычэтыщIэ цIыкIумрэ ику итымрэ зэрызаужьыр, къэралыр дэIэпыкъуурэ а Iуэхум нэхъыбэ зэрытригъэгушхуэр. Пэжщ, къытпэщылъщ хьэрычэт Iуэхум хэтхэм хабзэр къызэпамыудын, и чэзум къэралым налог иратын, цIыхухэм я улахуэр гъэпщкIуа мыхъуу, хабзэм зэригъэбелджылам хуэдэу яту зэтеублэныр. Си фIэщ мэхъу абыхэм зэман гъунэгъум дызэрыхуэкIуэнур.

Бюджетыр зэгъэзэхуа хъун папщIэ хэлIыфIыхь къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр къыщыпсэлъащ зэхуэсым, Налшык щымыIа куэди, видео-зэпыщIэныгъэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу, Iуэхум хэлэжьыхьащ.

ЗэIущIэр иуха нэужь, ФедерацэмкIэ Советым Бюджетхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым и унафэщI Артамонов Анатолийрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ журналистхэм яхуэзащ.

Артамоновым жиIащ къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, дяпэ илъэсищкIэ мылъкур зэгъэзэхуэным лъабжьэ хуэхъуну дэфтэрым Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщелэжьар. «Республикэм и IуэхущIапIэ зыбжанэм дыщыIати, Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ и Iуэху зыIутымрэ абы и цIыхухэм я гукъыдэжыр зыхуэдэмрэ къэтщIауэ жыпIэ хъунущ. Ар ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, бюджетым дыщелэжькIэ щIыналъэхэм я щыIэкIэ-псэукIэр къыдолъытэ, икIи сытым дежи къэралым и хэгъэгухэр зыхуэныкъуэхэр зэдгъэщIэу, ахэр гъэзэкIуэжа хъуным гулъытэ хуэтщIу долажьэ. Аращи,Къэбэрдей-Балъкъэрми и Iуэхухэр, мурадхэр дэтIыгъыну ди мурадщ. ЗэIущIэм къыхэлэжьыхьащ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, абыхэм я еплъыкIэхэри къэтлъытэнурэ, УФ-м 2024 гъэм, 2025 - 2026 гъэхэм тещIыхьа и бюджетым и зэхэлъыкIэр и кIэм нэдгъэсынущ», - жиIащ унафэщIым.

КIуэкIуэ Казбек дыщIигъуащ бюджетым и зэхэлъыкIэм лъабжьэ хуэхъунур ди республикэм зэрыщаубзыхуам, езыхэри абы зэрыхэтам мыхьэнэшхуэ зэрыритыр, абы щыжаIахэр пщэдейрей махуэр зэпIэззэрыту зэрыщытынум щыхьэт зэрытехъуэр, къэрал бюджетыр зэрызэхалъхьэм щыщ Iыхьэ гуэрхэр республикэ бюджетыр щаубзыхукIэ къагъэсэбэп зэрыхъунур.

ХьэщIэм ди Iэтащхьэм фIыщIэ къыхуищащ гуапэу къызэрырагъэблэгъам, я Iуэхур зыхуей хуэзэу Налшык къызэрыщызэрагъэпэщам, тыншу зэрагъэлэжьам папщIэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

● Экономикэ

# «Кавказым щащIащ» дамыгъэр дызыпэплъащ



**Тулэ щащIа пряникыр, оренбург цы IэлъэщIыр, адыгэ кхъуейр, кърым шагъырыр – урысей хэгъэгу куэдым дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэмрэ къызэрыщыщIагъэкIыр зым и дежкIи щэхукъым. Иджы лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ я фIыгъэкIэ апхуэдэ дамыгъэхэр (брендхэр) утыку нэхъ инхэм ихьэнущ.**

«ХЬЭРЫЧЭТ Iуэху цIыкIумрэ ику итымрэ», «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» проектхэм я фIыгъэкIэ хэгъэгухэр зэгухьэурэ федеральнэ щIыналъэхэм къыщыщIагъэкI, щащI, щагъэкIхэр бренд щхьэхуэу къэрал кIуэцI, къэрал щIыб сатум хыхьэнущ. Мы мазэм ирагъэжьэнущ Кавказ Ищхъэрэм и ерыскъыхэмрэ хьэпшыпэмрэ я фIагъым и дамыгъэ телъыджэ - «Кавказым щащIащ» урысей маркэр. СыткIэ сэбэп хъуну ар ди щIыналъэм щылажьэ хьэрычэтыщIэхэм я дежкIэ?

«Кавказым щащIащ» урысей маркэм и къызэгъэпэщакIуэ Гуц Дианэ зэрыжиIэмкIэ, «бренд»-р ди гъащIэм апхуэдизкIэ куэду къыхыхьащи, ар зымыщIэ, езым и бренд иIэжыну щIэмыхъуэпс зыри щыIэкъым.

Иджыпсту хьэпшып гупыр е ерыскъы гупыр зы сату маркэкIэ зэрапх. Апхуэдэу нэхъ тыншщ сату утыкум уихьэну, укъацIыхунымкIи ар сэбэпщ. Урысейм иIэщ «Удмуртием щащIащ», «Юграм щащIащ», «Алтайм щащIащ» маркэхэр. Апхуэдэ зы маркэм щIэт хьэпшыпыр е ерыскъыр зэрыфIым, зэрыкъабзэм щыхьэт тохъуэ цIэ хэха зэриIэр.

Иджы Кавказым щагъэхьэзыра хьэпшыпыр, ерыскъыхэкIыр «Кавказым щащIащ» дамыгъэр тету къыдэкIмэ, цIыхухэм къагурыIуэнущ ар ди лъахэм къызэрыщагъэкIыр, къызэрыщыщIагъэкIыр икIи фIагъым и дамыгъэ нэсу къалъытэнурэ къащэхуну нэхъ дзыхь ящIынущ.

А хьэпшыпхэм е ерыскъыхэм я сертификатыр «Роскачество»-м къаритыну аращ. Мыбы ди хэгъэгур нэхъ цIэрыIуэ зэрищIынум и мызакъуэу, фIагъым и шэсыпIэ нэс хъунущ. КъищынэмыщIауэ, ди лъахэм щащIхэмрэ къыщыщIагъэкIхэмрэ хэдгъэхъуэфынущ зэтщэнухэр нэхъыбэ къэхъумэ. Мы дамыгъэр къэзыщтэ хьэрычэтыщIэр реестр щхьэхуэм хагъэхьэнурэ хуэгъэкIуатэ гуэрхэр яIэу лэжьэнущ.

«Зыужьыныгъэм хуэкIуэ зы лъагъуэщ фIамыгъым и дамыгъэу къыхалъхьар. Абы щIыпIэ хьэрычэт Iуэхур ипэкIэ игъэкIуэтэнущ. Кавказыр игъащIэ лъандэрэ и ерыскъыхэмкIэ и хьэщIэ егъэблэгъэкIэмрэ гъэхьэщIэкIэмкIэ цIэрыIуэщ. Иджыпстуи фIагъ лъагэ зиIэ шхыныгъуэ, псы зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыщIагъэкI. А псори экологие и лъэныкъуэкIэ зыхуэдэ щымыIэу къабзэщ. Ди гуапэу Урысей псом я пащхьэ итлъхьэнущ фIагъ лъагэ зиIэ ерыскъыхэкIхэр, апхуэдэ щIыкIэкIэ, ди хьэрычэтыщIэхэм дадэIэпыкъунущ», - жеIэ «Кавказ.РФ»-м и генеральнэ унафэщI Юмшанов Андрей.

Кавказым къыщыщIагъэкIхэр псори ерыскъы хьэлэлщ икIи «щхъуантIэщ» - экологие и лъэныкъуэкIэ къабзэщ. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм апхуэдэ ерыскъыхэкI къыщIэзыгъэкI, мы маркэр къэзыщта IуэхущIапIитху итщ, щыр - Ставрополь, тIур Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ. Иджыпсту IуэхущIапIи 111-р а Iуэхум иужь итщ. Абыхэм я нэхъыбэр ерыскъы къыщIэзыгъэкIхэращ, ауэ узыншагъэр хъумэным, IэнатIэхэм епхахэри яхэтщ.

«Кавказым щащIащ» дамыгъэр зытетыр нэхъыфIу ящэнымкIэ «Роскачество»-р дэIэпыкъуэгъу хъунущ. Абы нэмыщIу, а дамыгъэр зыIэрагъэхьэну хуейуэ зи дэфтэр зытахэм я хьэрычэт Iуэхур нэхъыфI, тынш хъунущ, къэпщытэныгъэ лей хэмыту ягъэлэжьэнущ, апхуэдэуи Урысей Федерацэм и Правительствэм и Саугъэтыр зыIэрагъэхьэнымкIэ зэпеуэм хэтыну Iэмал яIэнущ, жыпIэнурамэ, IуэхущIапIэм лэжьэкIэм зезыгъэужьыну щыIэ псори къыхуэгъэсэбэпынущ.

КъызэгъэпэщакIуэхэр набдзэгубдзаплъэу зи ужь итхэм ящыщщ «Кавказым щащIащ» урысей маркэм щIэупщIэ иIэу, дэбгъуэн хэмыту, хабзэкIэ щIэгъэбыдауэ зэтрагъэпсыхьыныр.

ХьэрычэтыщIэм апхуэдэ дамыгъэр къигъэсэбэпу щытмэ, дзыхь хуэпщI зэрыхъунур къегъэлъагъуэ, апхуэдэуи гугъуехь хэмыту Урысейм и къалэшхуэхэм дэт сату щIыпIэ нэхъ инхэм я IэрыкIыр щащэну Iэмал къарет. Ар хьэрычэтыщIэ Iуэху нэхъ иныр ику итымрэ цIыкIумрэ зэрыдэIэпыкъу зы хэкIыпIэу къигупсысащ къэралым.

Гуц Дианэ зэрыжиIэмкIэ, мыпхуэдэ гупсысэм ар хуэкIуащ 2019 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щекIуэкIа хьэрычэт-форумым иужькIэ. «Абы щыгъуэ къызгурыIуащ хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIухэмрэ езыхэм я унейхьэрычэт Iуэху зиIэхэмрэ сайт къудей зэрамыгъэлъагъуэжьыр, социальнэ сетхэм зэримытыр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, къыщIагъэкIыр зыхуэдэр зыми зэримыщIэ», - жеIэ Гуц.

Брендым и къызэгъэпэщакIуэхэм къалэн зыщащIыж маркетингым епха лэжьыгъэхэр, хьэпшыпым трагъэуэну дамыгъэхэри зралъхьэнухэри гъэхьэзырыныр, къищынэмыщIауэ, къыщIагъэкIар гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ зэхыхьэ щхьэпэхэмрэ утыку къыщрахьэну. Абы щхьэкIэ зэгурыIуэныгъэ епщIылIэн хуейуэ аращ.

Псоми зэращIэщи, Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм дэтхэнэми IэщIагъэ зырыз яIэщ, ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкIыу. Мис апхуэдэ IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэри хабзэм къызэригъэувым тету яхуэщэнущ, зыри пэрыуэгъу къахуэмыхъуу. Щхьэж и лэжьыгъэр и гъунэгъухэм, цIыхугъэхэмрэ фIэкIа хуемыщэмэ, тыкуэн иIэу абы щIимылъхьэфмэ, хьэрычэтыщIэу къэралым щатхауэ щымытмэ, фейдэ къыпэкIуэркъым IэпщIэлъэпщIагъэм. НэгъуэщIу жыпIэмэ, лъэпкъ щэнхабзэр хъума хъунымкIэ, хъугъуэфIыгъуэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIи сэбэпщ мы проектыр.

Гуц Дианэ зэрыжиIамкIэ, «Кавказым щащIащ» брендым и дамыгъэм и теплъэр къыхахын папщIэ зэпеуэ къызэрагъэпэщри, нэхъыфIу къалъытэ лэжьыгъэхэм ящыщ зым къытеувыIащ. Дамыгъэр пхъэм къыхэпIущIыкIыфу, гъущIым тебдзэфу, щэкIым щыхэбдыкIыфу щытын, а псом къищынэмыщIауэ, Кавказ Ищхъэрэм и шыфэлIыфэр къигъэлъэгъуэн хуейт, дэтхэнэ щIыналъэми и щыIэкIэ-псэукIэм хуэкIуэу. Ахэр псори къызыхуэтыншэу къызэрагъэпэщри, IуэхумкIэ сэбэп хъуну къулыкъущIапIэхэм зыпащIащ, зэдэлэжьэну зэгурыIуащ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, брендыр иджы щыщIэдзауэ долажьэ Урысей Федерацэм и Сату-промышленнэ палатэм, «Мой бизнес» центрым, экономикэ зэхыхьэ инхэм хэтщ, къэралри къыдоIэпыкъу, «Международная кооперация и экспорт» лъэпкъ проектыр къегъэсэбэп, «Экспортер года», «Социальный предприниматель года» урысейпсо зэхьэзэхуэхэм зи зэфIэкI щызыгъэлъагъуэ хьэрычэтыщIэхэм яхоплъэ, йопсалъэ.

«Мы Iуэхум икъукIэ фейдэшхуэ къыпэкIуэу зебгъэужьыфынущ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, етIанэгъэ гъэмахуэм ди мурадщ Кавказ Ищхъэрэм щащIхэмрэ къыщыщIагъэкIхэмрэ щагъэлъагъуэ шоурум Дубай къыщызэдгъэпэщыну. Абдеж дуней псом щынэхъ лъэрызехьэ хьэрычэтыщIэхэм нэхъ дыкъыщацIыхунущ, зэдэлэжьэнри щызэтебублэфынущ, - къыпещэ Дианэ. – Дэ дыхуейщ хьэрычэт Iуэхум гурэ псэкIэ пэрыт, фIагъ зиIэ продукцэ къыщIэзыгъэкIхэр зэхуэтшэсыну, Кавказым и «напэу» къалъытэу, утемукIытыхьу икIи утемыгузэвыхьу урысейпсо, дунейпсо утыку ипшэ хъунухэм. Дэ апхуэдэхэр адэкIэ тхуэгъэкIуэтэнущ».

«Роскачество»-мрэ «Кавказ.РФ»-мрэ зэдаубла Iуэхум къыпэкIуэнур аращи, мазэ къакIуэ щыщIэдзауэ хьэзыр хъунущи, ди къэралми нэгъуэщI щIыпIэхэми я тыкуэнхэм дяпэкIэ фыщрихьэлIэнущ «Кавказым щащIащ» дамыгъэр зытет ерыскъы IэфIхэмрэ хьэпшып дахэхэмрэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# IуэрыIуатэр и лъабжьэу

**«Сквер 100-летия» зыгъэпсэхупIэм щаухуа галереем щагъэлъагъуэ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт, скульптор цIэрыIуэ Тхьэзэплъыж Руслан и лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса «Мифы предков» выставкэр.**

ПАСЭРЕЙ Iэмалхэр, Iэмэпсымэхэр къыщыгъэсэбэпа лэжьыгъэхэр зи IэдакъэщIэкIа художникым иджырей гъуазджэмкIэ адыгэ щэнхабзэм дыхегъаплъэ. Дапщэщи хуэдэу, скульпторым и лэжьыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуар лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ хабзэмрэщ.

- Зэпымыууэ лъэпкъым и блэкIам, и тхыдэм, IуэрыIуатэм, археологием зыхудогъазэ, - жиIащ Тхьэзэплъыж Руслан. – Лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэм си лэжьыгъэхэм увыпIэфI щаубыд!

Абы и IэдакъэщIэкIхэм еплъахэм жаIэ Тхьэзэплъыжым и лэжьыгъэхэр Кавказ Ищхъэрэм къыщагъуэта пасэрей хьэпшыпхэм зэрыпэджэжыр. IэпщIэлъапщIэм утыку кърихьащ Ашэмэз, Лъэпщ, Сосрыкъуэ, нэгъуэщI нарт лIыхъужьхэм, я теплъэхэр, лъэпкъ дамыгъэхэр. Скульптурэхэм лъэпкъ IуэрыIуатэм, блэкIам и дунейм ухашэ.

Тхьэзэплъыж Руслан фIыщIэ яхуищIащ псалъэ гуапэ къыхужызыIахэмрэ Iуэхум зыкърезыгъэхьэлIхэмрэ. Мы лэжьыгъэхэр гъунэгъу республикэхэми щагъэлъэгъуэнущ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



● УФСБ-м къет

### Щэхурылажьэр къыщIагъэщащ

**Урысей ФСБ-м Налшык къалэм щиубыдащ тIасхъэщIэх Iуэхум пыщIауэ шэч зыхуащI, илъэс 44-рэ зи ныбжь, Украинэм щыщ цIыхухъур.**

СЭТЕЙ къызэращIамкIэ, Украинэм шынагъуэншагъэмкIэ и IэнатIэм пщэрылъ къыщищIахэр игъэзащIэурэ зэхуихьэсри, абы и лэжьакIуэм Iэригъэхьащ дзэ Iуэху хэха щекIуэкI зэманым Урысей Федерацэм и бийуэ къагъэсэбэпыфыну хъыбар щэхухэр.

Урысей ФСБ-м и Следственнэ IэнатIэхэм уголовнэ Iуэху къаIэтащ, яубыдар жэуапым ирашалIэ.

### ЗыщIэгупсысыжыну зэман иIэщ

**Республикэм щыIэ УФССП-м и Бахъсэн район къудамэм и суд пристав-гъэзэщIакIуэ Бахъсэн Э.Ю. зэрихьэ хабзэншагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ УФССП-м я лэжьакIуэхэм коррупцэм пэщIэт Iуэхухэр щрагъэкIуэкIым къызэпаудащ.**

БЕЛДЖЫЛЫ къызэрыхъуамкIэ, а къулыкъущIэм ахъшэ къаIихыурэ хабзэншагъэкIэ къызэпиудырт суд унафэхэр ягъэзэщIэныр.

Бахъсэн район судым къару зыгъуэта и унафэм ипкъ иткIэ, Бахъсэн Э.Ю. къуаншэу къалъытащ икIи ямыгъэтIысу тезырыр ирихьэкIыну илъэситху тралъхьащ. Абы къыдэкIуэу ар пагъэкIащ илъэси 3 пIалъэкIэ къулыкъу пыухыкIахэр иIыгъынымкIэ хуитыныгъэм.

# Щапхъэу диIащ нэхъыжьыфI

● ГукъэкIыжхэр

***Зэрымыщ**IэкIэ цIыхухэм я гуэныхь къэтхь хабзэщ дэ. Апхуэдэу сызыхущIегъуэжхэм, и псэр зыгуэркIэ згъэгузавэу къысщыхъухэм ящыщщ гъащIэ узыншэ къэгъэщIэным зи лэжьыгъэри зи гупсысэри етауэ псэуа, биологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, узыншагъэр зэрыпхуэхъумэну Iэмалхэр зыджа, езым и щIэныгъэрэ и зэфIэкIрэ а Iуэхум хэзылъхьа КъуэщIысокъуэ Александр. КъБКъУ-м абы къыщызэригъэпэщат цIыхур узыншэу дунейм тетыным телажьэ «Стимул» жылагъуэ зэгухьэныгъэр.*

*Александр щIэх-щIэхыурэ къыщIыхьэрт «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым я редакцэхэм, зэIущIэ къэсыхукIи тфIэтелъыджэ гуэр къыджиIэрт, чэнджэщ щхьэпэ къыдихьэлIэрт, гъащIэм зэрыхуэнабдзэгубдзаплъэр наIуэ пщызыщI и гупсысэхэр къыдиIуэтылIэрт. ЖыпIэнуракъэ, уепсэлъэну гухэхъуэт. Зы махуэ гуэрым гукъэкI сщIащ тхыгъэ згъэхьэзырын хуэдэу къэзгъэпсэлъэну, и гуапэ дыдэуи си мурадыр къыздиIыгъащ. Арщхьэк**Iэ** нэмыжыIыса куэд къигъэнат си псэлъэгъум, и унэ сыкIуэрэ музейр сигъэлъагъумэ къыпищэну жиIэурэ и кIэм нимыгъэса гупсысэ дыкъуакъуэхэр хэтт. Ар и щхьэусыгъуэу интервьюр хьэзыр схуэмыщIауэ, си диктафоным тету, зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ Александр. Абырэ мыбырэ я зэхуакум ар си гум хьэлъэу телъщ. ИпэкIэ жимыIа къысхуиIуэта къыщIэкIынкъым сэ абы, ауэ згъэщIэгъуа куэд зэрыхэлъамрэ и адыгэбзэ гъэхуам сызэрызыIыпишамрэ сытрагъэгушхуащ ар фи пащхьэ ислъхьэну.*



- ИЛЪЭС бжыгъэкIэ газетхэм стхахэр, радиом, телевиденэм щыжысIахэр зэхуэхьэсауэ дэлъу папкэ пщыкIутху хъун сиIэщ сэ, Залинэ. Ахэр, къанэ щымыIэу, теухуащ узыншагъэмрэ гъэсэныгъэмрэ. Си библиотекэр тхылъ минитIрэ щитхурэ мэхъу. Абыхэм ящыщу зы миныр узыншагъэм теухуащ. Адрейхэм я нэхъыбэр сабий литературэщ, си хъыджэбзитIыр щызгъасэм Совет Союзым къыщыдэкIа сабий тхылъу хъуар къэсщэхуауэ сиIэщ. Музей хуэдэу сщIам щIэлъщ ахэр.

Александр и сабийхэр музыкэм, гъуазджэм и лэжьакIуэ ищIыну хуейти, яхилъхьэмкIэ зигъэнщIыртэкъым. АрщхьэкIэ и анэм гу лъитащ ахэр дохутыр зэрыхъунум икIи щымыуэну къуэм еущиящ.

- Сабийм зыгуэр жепIэнумэ, бгъэсэнумэ, зэман нэхъыфI дыдэр пщэдджыжьыращ. ЖейкIи ирикъуауэ, шхауэ, дахэу хуэпауэ я Iэпэр сIыгъыу школым щысшэм и деж, си хъыджэбзхэм мы дунейм гъэщIэгъуэну тетыр яжесIэрт, удзу дызыхуэзэр езгъэцIыхурт, хьэ цIыкIухэм, бзухэм сахутепсэлъыхьырт. Абы къыпэкIуэ хъугъуэфIыгъуэу школыр медалкIэ, университетыр «тху» защIэкIэ къаухащ, тIури хирург Iэзэщ, Москва щопсэу. Нобэр къыздэсым ахэр сэ нэхърэ нэхъыфIу адыгэбзэкIэ мэпсалъэ. Ди лъэпкъ дахэм, бэшэчым, зауэмрэ банэмрэ хэмыкIыу къэгъуэгурыкIуам, гъащIэм къыщIиуIукIыжри, ди хабзэм и курыхым адыгагъэ фIищащ. Ар си бынхэм зэрахэлъращ си ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу къэслъытэр.

«Иджыпсту адэ-анэм ящIэм, я акъыл здынэсым теухуауэ сыт нэхъыщхьэ дыдэу я быным бгъэдалъхьэфынур?» - жысIэу Александр сыщеупщIым, жэуапу къызитащ:

- Сабийм и Iэпкълъэпкъыр дахэу, узыншэу щытын щхьэкIэ физкультурэм зратын хуейщи, ар IэщIыб ящIауэ телефоным, компьютерым зэрыбгъэдэсыр си жагъуэщ. Ди республикэм ит школхэм 116-рэ сыкIуащи, сощIэ сабийхэм сыт яхузэфIэкIынуми. Iэпкълъэпкъыр зезыгъакIуэу езгъэлъагъухэр зыщIыфу цIыхуищэм зытIу къахэкIыу аращ. Быдэу соущие а цIыкIухэм икIи сыкъагъэгугъэ зыкIэлъыплъыжыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и деж КъуэщIысокъуэ Александр щхьэкIэ къыщызэIуахауэ щытащ «Центр здорового образа жизни» IуэхущIапIэр. Абы и къалэнт КъБКъУ-ми КъБКъАУ-ми я студентхэм лекцэ къыхуеджэну, я узыншагъэр зэрахъумэнур ягуригъэIуэну, упщIэ яIэмэ, жэуап иритыну. «Зы сыхьэтрэ никъуэкIэ студентхэм сепсэлъа иужь, упщIэхэр къызатын щIадзэу сыхьэтищым щIигъукIэ сыщаIыгъа мызэ-мытIэу къэхъуащ», - къызжиIат си псэлъэгъум игъэщIагъуэу.

Александр и щхьэгъусэр дунейм ехыжа иужь, центрыр игъэлэжьэну гукъыдэжи зэфIэкIи иIэжакъым, арати зэхуащIыжащ, апхуэдэу гурэ псэкIэ а Iуэхум пэрытын цIыху зэрыщымыIэм къыхэкIыу.

Александр сэрэ дыщызэпсэлъам ар илъэс 81-рэ хъурт. СымыгъэщIэгъуэн слъэкIатэкъым абы и гурыхуагъэр, бжыгъэхэри, гъэхэри, Iуэхугъуэ щхьэхуэхэри апхуэдизкIэ пэж дыдэу ищIэжырти. Нэмыцэхэр я къуажэм щыдыхьам цIыкIу дыдэт ар, итIани «абы щыщу теплъэгъуэ 21-рэ (!) хуэдэ къабзэу сощIэж» жиIэрт.

Спортыр нэгъуэщIу, Iуэху щIэныр абы зыкIи пэмыхъуу язынукъуэ IэщIагъэлIхэм жаIэу зэхызох. Ар щыжесIэм къысхуидатэкъым. «Ауэ сытми пэхъурэ?! ЦIыхубзыр нэхъыбэрэ щIэпсэур Iуэху нэхъыбэ зэрищIэр, нэхъыбэрэ зэрызигъэхьейр аращ. ПщэфIапIэ къудейм деж абы щащIэм егъэлеяуэ Iэпкълъэпкъыр узыншэ ещI», - жиIат.

- «Псори пцIыщ, уи натIэм кърихтхам уфIэкIынукъым, жыхуиIэр нэхъ уфIэкъабыл, хьэмэрэ Iэпкълъэпкъым хуэпщIэм елъыта уи гъащIэр зыхуэдэнур иджы», - сеупщIат КъуэщIысокъуэм. Абы и жэуапыр хьэзырт: - Уи Iэпкълъэпкъыр зэрыбгъэлажьэр, дунейм узэрытетыр, уи псэм и къабзагъэр - аращ зытеухуар. Фадэм, тутыным ехьэлIа си Iуэху еплъыкIэм щыгъуазэхэм къызэхъурджауэ яхэтщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Куба щыщ зы бзылъхугъэ зэ къызэпсэлъащ и адэшхуэр фади тутыни псэуху ефауэ, атIэми илъэс 90-м щIигъукIэ псэуауэ къызжиIэу. Ар тфIэныбжьышхуэщ дэ, иджыпсту щыIэ гъащIэм идолъытри. Ауэ фщIэуэ пIэрэ зи Iэпкълъэпкъ пщыкIутIыр зэхуэдэу, узыншэу къалъху сабийр илъэс 300-кIэ къезыхьэкIын къару бгъэдэлъу дунейм къызэрытехьэр?! Иджы а лIыжьым и Iэпкълъэпкъым лей иримыхатэмэ, дапщэрэ псэуфыну щытами дэ дэнэ щытщIэр?!

ГъащIэ кIыхь къэзыгъэщIа куэдым сыщыгъуазэщ сэ, ар зэрысфIэгъэщIэгъуэным папщIэ ятеухуахэм сыкъеджауэ е ящхьэкIэ сцIыхуауэ. Къапщтэмэ, Абдул Сэлам илъэс 312-кIэ Пакистаным щыпсэуащ. Карнеги Фред илъэс 307-кIэ дунейм тетащ, Англием пащтыхь 12 зэрихъуэкIыху. Кавказ щIыбым (Куржым, Азербайджаным) дзэм къулыкъу щыщысщIэм газетым тету слъэгъуат илъэси 160-рэ хъу Муслимов Шарали Баба теухуа тхыгъэ. Ди республикэм щыщ Щауэ Нану-щэ?! Илъэси 126-рэ ар щыхъум Гиннесс и тхылъым иратхэри, илъэс нэхъ дэмыкIыу дунейм ехыжауэ щытащ. Къармэхьэблэ щыщ Маргъущ Улэ илъэси 120-м щIигъукIэ псэуащ. А псор щIыжысIэращи, иджыпсту ныбжьышхуэу къытщыхъу илъэс 80-90-хэр ику иту аркъудейщ.

Комплиментарнэ (щIэныгъэ медицинэмрэ цIыхубэ IэзэкIэмрэ щызэхэт) медицинэмкIэ Москва щекIуэкIауэ щыта дунейпсо конгрессым хэтат КъуэщIысокъуэ Александр. Абы жиIар апхуэдизкIэ яфIэгъэщIэгъуэнати, Чехием, Аргентинэм, Эстонием я лIыкIуэхэм я деж ирагъэблэгъат. АрщхьэкIэ къэралыр къыкIэлъымыджауэ езым и фIэфIыныгъэ къудейкIэ гъуэгу техьэхэм ящыщтэкъым КъуэщIысокъуэри, и хэку къинэжат.

ЦIыхур псэкIи IэпкълъэпкъкIи ешу зыхуэмыгъэпсэхужу къыщынэ, икIэм-икIэжым уз щыхих къохъу. Абы щхьэкIэ Iэпкълъэпкъыр лантIэ ищIыфу дэтхэнэ зыми Iэмал имыIэу зригъэсэн хуейуэ жиIэрт Александр. АбыкIэ фIы дыдэу къызжиIат медитацэр, йогэр, дакъикъи 6-10 нэхъыбэ умыщIми, сэбэпышхуэу. Апхуэдэуи хущхъуэ бэлыхьщ Iэпкълъэпкъыр шытIэныр. ЗытеIэбэн хуейр Александр фIыуэ ищIэрти, абы щхьэкIэ IэщIагъэлIхэм я деж кIуэртэкъым.

- «ЦIыхубэ IэзэкIэр къабыл пщIырэ, Александр? АбыкIэ узыпэлъэщын уз куэд щыIэ?» - жысIэри сеупщIат си псэлъэгъум.

- ЩIэныгъэ медицинэми цIыхубэ IэзэкIэми ухуэсакъын хуейщ, къызжиIат. - Зым и хущхъуэр зым и щхъухьщ, жиIакъэ адыгэм. IэзэкIэ зэмылIэужьыгъуэ зиIэу цIыху щэ никъуэм нэблагъэм сахуэзащи, абыхэм ящыщу зытхухым я Iуэху бгъэдыхьэкIэращ си гум дыхьар. Ахэри удзкIэ Iэзэхэрщ. Сыдихьэхри, удз хущхъуэхэм теухуауэ тхылъу щыIэр зэхуэсхьэсауэ, ахэри си музейм и зы Iыхьэу хэтщ. Апхуэдиз удз зэрысцIыхум хуэдэу, абыхэм яхэлъ хущхъуэгъуэм сызэрыщыгъуазэу, зэи зыми жесIакъым «мы удзыр зэфхьэлIэ! жысIэу. Аллергие хуиIэрэ хуимыIэрэ къэщIэн хуейщ, абы егъэлеяуэ цIыхур ирещIыкIри. Удз зыбжанэ зэхэлъу, зэхэгъэвыхьауэ епхьэлIэныр нэхъ дзыхьщIыгъуэджэжщи, абы и Iуэхур щхьэхуэщ. Сэ езыр сыалергикщ, псалъэм папщIэ, 12-рэ хущхъуэ зытраутха мыIэрысэ щIымахуэм сшхымэ, тIэкIу къызэзэгъынкIэ хъунущ, ауэ ардыдэр гъатхэм сIухуакъэ – аллергиешхуэ къызет. Абы щхьэкIэ тIэкIу къыгузогъэжри содзакъэ, си бзэгупэр занщIэу игъашхэрэ, ар сысейкъым. УзыщIэдэIукIмэ, Iэпкълъэпкъым къыбжиIэнущ нэхъыфIыр. Куэдым сакъыгурыIуэркъым, ауэ уи псэм и щытыкIэмрэ уи акъылым къиубыдымкIэ узым я нэхъыбэр пхуэгъэхъужынущ.

КъуэщIысокъуэ Александр хуэдэ пIэщIэкIын жыхуэпIэр лъэпкъым и дежкIэ хэщIыныгъэшхуэщ. Нобэрей зэманым цIыхухэр хуабжьу дехьэх узыншагъэр хъумэным. Абы теухуауэ Александр хузэфIэкIар къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Дыхуэныкъуэнущ и щIэныгъэм, и Iуэху бгъэдыхьэкIэ-зехьэкIэм, и цIыху епсэлъэкIэм. Апхуэдэхэр илъэсищэм зэ къалъху цIыхуу зэрыщытыр си фIэщ мэхъури, си гуапэщ КъуэщIысокъуэм и фэеплъыр зыхъумэн, къытхуигъэна щIэныгъэр зыгъэкIуэтэн, и гуащIэр къызыгурыIуэн куэду адыгэ лъэпкъым къыхэкIыну.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Зи IэщIагъэкIэ нэхъыфIхэр

***Къэбэрдей-Балъкъэрым МафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и къулыкъущIапIэм и МафIэсгъэункIыфI-къегъэлакIуэ часть №9-м и хэщIапIэм щекIуэкIащ зи IэщIагъэм нэхъ хуэIэижьыр къыщагъэнаIуэ еплъыныгъэ-зэпеуэ. Апхуэдэуи къыхахащ къудамэм и унафэщI, мафIэсгъэункIыфI, мафIэс машинэм и шофёр нэхъыфIхэр.***

ЗЭПЕУЭМ и теорие Iыхьэм билетхэмкIэ упщIэхэм жэуап иратащ. КъыкIэлъыкIуэу зэпеуащ пкIэлъейкIэ чэщанэм и 4-нэ къатым, иужькIэ 3-нэм зэрыбгъэж пкIэлъейкIэ дэкIуеинымкIэ. Ахэр ягъэзэщIащ мафIэсгъэункIыфIым и «БОП-1» щыгъынымкIэ зэщIэхуэпауэ.

Къыхуагъэува къалэнхэр зэригъэзэщIам къыпэкIуа баллхэмкIэ къудамэм и унафэщI нэхъыфI хъуащ (2021 гъэми хуэдэу) Май къалэм дэт мафIэсгъэункIыфI-къегъэлакIуэ часть №6-м щыщ Нэужьокъуэ Анзор. ЕтIуанэ увыпIэр зэкIэлъхьэужьу, иджы ещанэу къиихьащ ПСЧ-9-м (Дзэлыкъуэкъуажэ) щылажьэ Даур Ильяс, нэгъабэ бжьыпэр зыубыдауэ щыта БжыкIший Ашэмэз ещанэщ (ПСЧ №20, Бахъсэн район, Къубэ-Тэбэ къу.).

Зи IэщIагъэм нэсу хэзыщIыкI мафIэсгъэункIыфI нэхъыфIу къалъытащ ПСЧ-6-м и лэжьакIуэ Хечуев Василий (2021 гъэм зэпеуэм щытекIуат), етIуанэ увыпIэр лъысащ ПСЧ-17-м (Каменномост, Дзэлыкъуэ район) и лэжьакIуэ Маргъущ Рустам, Дэрахъэ Аслъэн ещанэщ (ПСЧ-6).

МафIэсгъэункIыфI машинэм и шофёр нэхъыфI зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ Джэтауэ Беслъэн (ПСЧ-9). Къандур Альберт (ПСЧ-6) етIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ, ещанэр нэгъабэ текIуа Дзыгъуэнэ Муратщ (ПСЧ-14, Анзорей къуажэ).



Зэхьэзэхуэр иухащ къэрэгъул гуп нэхъыфIыр къыхэхынымкIэ. ПСЧ-9-м и гупым (къэрэгъулым и унафэщIыр Къущхьэ Алихъанщ) псори нэхъ псынщIэу зэфIихащ, арщхьэкIэ, гуп зэпеуэм и Iыхьэ псоми кърикIуахэр зэхалъхьэжри, Дзэлыкъуэ мафIэсгъэункIыфIхэм етIуанэ увыпIэрщ къахьар. ТекIуэныгъэр зыIэригъэхьащ ПСЧ-6-м и гупым: Бэлэтокъуэ Алихъан (къэрэгъулым и унафэщI), Нэужьокъуэ Анзор (къудамэм и унафэщI), Дэрахъэ Аслъэн, Къанокъуэ Астемыр, Хечуев Василий (псори мафIэсгъэункIыфIщ), шофёр нэхъыфI Къандур Альберт. ПСЧ-14-м и плъыр къэрэгъулыр ещанэщ (унафэщIыр Иуан Тимурщ).

Зэпеуэхэм кърикIуахэр зэпалъытыжри, япэ увыпIэр хуагъэфэщащ мафIэсгъэункIыфI-къегъэлакIуэ часть №6-м (унафэщIыр Алборэ Анзорщ) и гупым. ПСЧ-9-м етIуанэ увыпIэр къиихьащ (унафэщIыр ЦIыпIынэ Аскэрщ), ПСЧ-14-м (унафэщIыр ГуэбэщIыкI Казбекщ) и мафIэсгъэункIыфIхэр ещанэщ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

# Гъуазджэм лъагъуэ щыхэзышхэр

**Ди республикэм и хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм, «Адыгэ псалъэ» газетри хэту, иджыблагъэ къытрадзащ Пятигорск (Псыхуабэ) къалэм пианист ныбжьыщІэхэм я XV дунейпсо зэпеуэ зэрыщекІуэкІар. Абы зэрехьэ урыс композитор, дирижёр, музыкант Сафонов Василий и цІэр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ныбжьыщІитІ къыщыхэжаныкІащ а зэпеуэм.**

НАЛШЫК къалэм щыщхэу **Болий Дианэ** (курыт еджапІэ №33-м щоджэ) ещанэ увыпІэр къихьащ, **Мэсей Іэдэм** (курыт еджапІэ №2) зэпеуэм и дипломант хъуащ. Мы зэхьэзэхуэр илъэс 30 хъуауэ ирагъэкІуэкІ-ри, ди республикэм щыщу абы хэтыну зыхуагъэфэщар зыбжанэщ. Илъэсит І къэс зэ зэхашэ Іуэхугъуэ иным дахэу зыкъыщызыгъэлъэгъуа ныбжьыщІитІри зыгъэхьэзырар Темыркъан Юрэ и цІэр зэрихьэу Налшык дэт Музыкэ школ №1-м и егъэджакІуэ Щоджэн Мадинэщ.

Зэпеуэм и къэпщытакІуэ гупым хэтащ УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Шопен Фредерик и цІэр зезыхьэ зэгухьэныгъэм и художественнэ, генеральнэ унафэщІ Александров Михаил (къэпщытакІуэхэм я тхьэмадэщ), Чайковский Пётр и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал консерваторэм и профессор Филиппов Максим, Собинов Леонид и цІэр зэрихьэу Саратов дэт къэрал консерваторэм и профессор Ангерт Лолитэ, Тэтэрстэн Республикэм гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, профессор, Астрахань къалэм щыІэ къэрал консерваторэм и кафедрэм и унафэщІ Леонтьевэ Людмилэ, Ставрополь щІыналъэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Левадная Татьянэ сымэ. НыбжьыщІэхэр яфІэгъэщІэгъуэну еплъащ абы къэпщытакІуэхэм щата мастер-класс-хэм.

Сафонов Василий и цІэр зезыхьэ зэхьэзэхуэр ирагъэкІуэкІын зэрыщІадзэрэ куэд щІами, хэзыщІыкІ дэтхэнэми къыбжиІэфынущ абы ухэтын, урагъэблэгъэн къудейри зэрыпщІэ лъагэр. Музыкэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа Сафоновым и Іуэхь иным хуэфэщэну зэхыхьэр къызэрагъэпэщ икІи ирагъэкІуэкІ. КІуэ пэтми абы хэтыну хуейуэ зезыгъэтххэм я бжыгъэм хохъуэ, абы къыхыхьэ къалэхэр нэхъыбэ мэхъу, апщІондэху зэпеуэм и къарум хохъуэ, и цІэр нэхъ жыжьэ мэІу. ЖыпІэнумэ, мы гъэм Китайм щыщи яхэтащ.

Урысейм и къалэ 35-м къикІа ныбжьыщІэ 71-рэ зыхэта Іуэхугъуэр махуихкІэ екІуэкІащ. Ди республикэм икІахэр абы зэрыхэтам тедгъэпсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ Щоджэн Мадинэ.

Мадинэ илъэс 40-м нэблэгъауэ мы школым щрегъаджэ, езым къиухари аращ. Категорие нэхъыщхьэ зиІэ егъэджакІуэщ. Иригъаджэхэм я зэфІэкІым тепщІыхьмэ, ар и ІэнатІэм пэрытщ ехъулІэныгъэ иІэу.

Музыкэ школ №1-м узэрыщІыхьэу нэм зыкъыщІедзэ хьэрфышхуэкІэ тхауэ блыным




фІэлъ тхыгъэм. Щоджэн Мадинэ, Болий Дианэ, Мэсей Іэдэм сымэ зэрехъуэхъум. «Лъэпкъ гъуазджэр зыщыгугъын диІэщ», щхьэм къыщыхъуэпскІ гупсысэм гупсэхугъуэ, гушхуэныгъэ гуэр къыпхелъхьэ.

Дауи, Мадинэ депсэлъэн къызэрыщІэддзар ахэр Псыхуабэ зэрыщыІаращ.

- Зэпеуэр илъэситІ къэс зэ йокІуэкІ. Мыр гулъытэ зыхуащІ, пщІэ зиІэ зэхьэзэхуэщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, мыбы сабийр лъэныкъуэ куэдкІэ къыщапщытэ. Зэпеуэр щыуэ зэпыудауэ щытащ. Япэ Іыхьэр онлайн жыпхъэм иту екІуэкІати, сабийхэр пианинэ зэреуэр видеокІэ едгъэтхри, яхуедгъэхьащ. Москва, Санкт-Петербург, Ростов, Саратов хуэдэ къалэшхуэхэм къикІа сабийхэр хэтащ абы. Къыхэзгъэщыну сыхуейт, мы зэпеуэр къызэрагъэпэщрэ дэкІа илъэс 30-м къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы хэтыну зыхуагъэфэщар цІыхуих фІэкІа зэрымыхъур. АбыкІэ гурыІуэгъуэ мэхъу зэпеуэм и гугъуагъымрэ и пщІэмрэ. Дианэрэ Іэдэмрэ мы зэпеуэм илъэскІэ хуэзгъэхьэзыращ, илъэситІ-щыкІэ зызгъэхьэзырхэри щыІэщ. Пэжым ухуеймэ, композиторхэм я ІэдакъэщІэкІыу 6, ари нэхъ гугъухэм ящыщу, зэбгъэщІэу къызыхуэтыншэу апхуэдэ утыку щыбгъэзэщІэну тыншкъым. Абы къекІуалІэ сабийхэр консерваторэхэм пыщІауэ лажьэ школхэм щоджэ, егъэджакІуэ цІэрыІуэхэм я деж зыщагъэхьэзыр.

Шэч хэмылъу, япэ Іыхьэм дыщыпхыкІам хуабжьу ди гуапэ хъуат. ЕтІуанэ Іыхьэм дыщыпхыкІами Іыхьэлейуэ дыгуфІащ.

Зэпеуэр щекІуэкІар Оперет-тэмкІэ театрырщ, ар зыгъэпсэхупІэ жыг хадэ дахэм хэтщ.

Дэ дызыхиубыдар илъэси 10-13-м ит гупырщ. Мыбдеж къыхэгъэщын хуейщ илъэсипщІ ныбжьым итымрэ илъэс 13 хъумрэ зэпеуэм зэрыхуэхьэзырыр зэрызэхуэмыдэр. Абы и лъэныкъуэкІэ, Іэдэм (илъэсипщІ хъууэ аращ) дежкІэ нэхъ гугъут илъэсищкІэ езым нэхърэ нэхъыжьхэм япеуэну.

Зы хъыбар гуапэкІэ сывдэгуэшэну сыхуейщ. Мы махуэхэм дэ къыджаІащ зэпеуэм къызэрыщыхэжаныкІам папщІэ Дианэрэ Іэдэмрэ Урысейм и сабий зэчиифІэхэм я реестрым зэрыхатхар. А цІыкІухэм дяпэкІэ зэрызаужь, зыІэрагъэхьэ ехъулІэныгъэхэм кІэлъыплъынурэ, ехъулІэмэ, адэкІэ къэралыр къадэІэпыкъунущ.

**- Мыпхуэдэ зэпеуэшхуэхэм иджы япэу фыхэту ара?**

- Дунейпсо зэпеуэ япэу дыхыхьауэ аращ. Абы хэта Диани Іэдэми Москва дэт консерваторэм егъэбыдылІауэ лажьэ Сабий школ нэхъыщхьэм пщІэншэу щеджэну Іэмал къратащ.

Дианэрэ Іэдэмрэ «Ди гугъапІэхэр» фІэщыгъэм щІэту 2022 гъэм Владикавказ щекІуэкІа XIX щІыналъэ зэпеуэм хэтати, Іэдэм япэ, Дианэ ещанэ увыпІэхэр къыщахьауэ щытащ. А зэпеуэм ухэтынри тыншткъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, Осетием я щІэблэм макъамэр фІыуэ ялъагъуу, абы хурагъаджэу къагъэтэджу, егъэджакІуэ бэлыхьхэр яІэщ. Мэсей Іэдэм нэгъабэ зэпеуэ дапщэ хэтами, япэ увыпІэ фІэкІ къихьакъым. Абыхэм ящыщщ «Творческие вершины» фІэщыгъэм щІэту Кавказ Ищхъэрэм щекІуэкІари.

Дианэрэ Іэдэмрэ нэгъабэ зэдагуэшащ Темыркъан Юрэ и саугъэт ди еджапІэм щатыр.

ЖысІэну сыхуейщ, Псыхуабэ щекІуэкІа зэпеуэм Іэдэм щигъэзэщІа композицэхэр нэхъ гугъуэхэм, балигъхэм ягъэзащІэм зэращыщыр. Ауэ щыхъукІи, пэлъэщащ.

Апхуэдэу, мыхьэнэшхуэ иІэщ сабийм зэрызиІыгъым, хэлъ артист зэфІэкІым, утыкур фІыуэ зэрилъагъум. Абы и лъэныкъуэкІэ Іэдэм Іэзэу цІыхухэр къыдехьэх.

Иджыри зы Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэн сщыхъуащ. Зэпеуэм хэта сабийхэм зэрыжаІамкІэ, ахэр махуэ къэс сыхьэтийкІэ фортепианэм бгъэдэсщ, я зэфІэкІ хагъахъуэу. Іэдэм махуэм зы сыхьэт закъуэщ абы зэрыбгъэдэсыр. Фи нэгу къыщІэвгъэхьэрэ ар апхуэдизрэ роялым бгъэдэсу щытамэ хуэзэфІэкІынур?

Дианэрэ Іэдэмрэ зэфІэкІ зиІэ, я Іэзагъэмрэ щІэныгъэмрэ ерыщу хэзыгъахъуэщ. Ахэр мы ІэщІагъэм къызэрыхьэрэ куэд мыщІами, фІыкІэ къыхощ. Дианэ музыкэм профессиональну хыхьэну, ар ІэщІагъэ ищІыну триухуащ. Іэдэм зэкІэ мэгупсысэ. Ауэ мы щІалэ цІыкІум сэ дэслъэгъуар зэфІэкІ зэриІэм и закъуэкъым, абы утыкур фІыуэ елъагъу, Іэгуауэ ин щыхуаІэткІэ къызэрымыкІуэу фІэфІщ, цІыхухэм ящышынэркъым. Ар артист нэсым и хьэлщ.

**- Музыкэ ІэщІагъэр цІыхум и зыужьыныгъэм сыткІэ сэбэп хуэхъуу къэплъытэрэ?**

- Адрей ІэщІагъэхэми хуэдэу, музыкэ ІэщІагъэм цІыхум лэжьыгъэр фІыуэ илъагъуу, мыщхьэхыу ирегъасэ. ЦІыхум лъэныкъуэ куэдкІэ зрегъэужь. Музыкэм зезыпщыт цІыхур губзыгъэу, гъэсауэ, шыІэныгъэ хэлъу щытыпхъэщ.

КъищынэмыщІауэ, мыхьэнэшхуэ иІэщ сабийм и адэанэм яІэ гъэсэныгъэмрэ акъылыфІагъымрэ. Сабийм унагъуэм къыщыдэмылажьэмэ, егъэджакІуэм едэІуэну къемыущиемэ, жетІэр зыхилъхьэнукъым. Псалъэм папщІэ, сэ езгъаджэхэм я адэ-анэм щІэх-щІэхыу сопсалъэ, къыдэхъулІэмрэ нэхъ дызэгугъупхъэу къэслъытэмрэ яжызоІэ, къыщызэмыдаІуэ къэхъумэ, ари сыбзыщІыркъым.

**- Иджырей щІэблэр сыт хуэдэу къэплъытэрэ?**

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым сабийхэр нэхъ щхьэхынэ хъуащ. Компьютерхэмрэ телефонхэмрэ я зэрану къысщохъу ар. Гупсысэну, зы Іуэху гуэрым куэдрэ егугъуну хуейкъым, дапщэщи мэпІащІэ. Абы къыхэкІыу, ди деж щеджэхэр нэхъ мащІэ хъуащ. Нэхъапэм колледжым и зы курсым цІыху 20 щІэсу щытамэ, иджы колледж псом и курсым щеджэр зэрыхъур цІыхуитхущ. Ар зы лъэныкъуэкІи фІыщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, мы ІэщІагъэм хуей дыдэхэм фІэкІа къакІуэркъым.

**- Сэ зэрысщІэмкІэ, мы школым зэрыщебгъэджэрэ илъэс 40-м нэблэгъащ, а пІалъэм къриубыдэу уиІа сабийхэм щыщу нэхъ къыхэжаныкІахэм я гугъу уэзгъэщІынут.**

- Дианэрэ Іэдэмрэ хуэдэу зэфІэкІ зиІэ сабий сиІауэ схужыІэнукъым, ауэ сэ езгъэджа куэдым республикэ зэпеуэхэм япэ увыпІэхэр къыщахьащ.

**- Уэ узэреплъымкІэ, хъыджэбз цІыкІухэра, хъэмэрэ щІалэхэра макъамэ ІэмэпсымэхэР нэхъыфІу, нэхъ дахэу зыгъэбзэрабзэр?**

- Къапщтэмэ, ди ІэщІагъэм щІалэ цІыкІухэр щынэхъ мащІэщ. Ауэ щыхъукІи, ахэр роялым щеуэкІэ макъамэр нэгъуэщІу мэІу. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, абыхэм я къарур зэрынэхъыбэм къыхэкІыу нэхъыфІу Іэпэхэм тракъузэ. Хъыджэбз цІыкІухэр щабэщ, Іэдэбщи, апхуэдиз къару ирахьэлІэфыркъым. Ауэ щыхъукІи, Сафоновым и цІэр зезыхьэ зэпеуэм япэ увыпІэ къыщызыхьар Таганрог щыщ пщащэ цІыкІущ. Дэбгъуэн щымыІэу дахэу игъэзэщІат композицэ псори.

ИтІанэ, адрей илъэсхэм зэпеуэм и увыпІэ къэс сабиитІым зэдагуэшу щытамэ, мы гъэм зырызу ятауэ аращ. Абы къикІращи, зэпеуэр нэхъ ткІиуж хъуащ. Аращи, дэ къытхуагъэфэщахэм я мыхьэнэр инщ. Япэ увыпІэхэр къэзыхьахэр къалэшхуэхэм къикІахэрщ. А къалэ цІэрыІуэхэм я Музыкэ школ инхэм щеджэ сабийхэм я зэфІэкІкІэ япэхъуу Налшык икІа цІыкІухэр щабгъурыувэм деж, хуабжьу гуапэщ, икІи а Іуэхугъуэм ди щхьэр лъагэу дегъэлъагъуж.

**- Сэ сызэрыщыгъуазэмкІэ, мы мазэм и 27-м Іэдэмрэ Дианэрэ концерт ятынущ.**

- Пэжщ, дегугъуу зыдогъэхьэзыр. Абыхэм ягъэзэщІэнущ зэхьэзэхуэм утыку зэрихьа композицэхэр. Япэраурэ, ар зымылъэгъуахэм едгъэлъэгъунущ, етІуанэрауэ, а пшыхьым ныбжьыщІэ цІыкІуитІыр щыдгъэлъэпІэну ди мурадщ. Къыхэгъэщыпхъэщ ар тІуми я япэ концерту зэрыщытыр. Дэ ди мурадщ абы цІыху цІэрыІуэхэр, композиторхэр, дирижёрхэр, ныбжьыщІэхэр щеджэ курыт еджапІэхэм я унафэщІхэр, я благъэ-Іыхьлыхэр къедгъэблэгъэну.

**- Уи дежкІэ уи лэжьыгъэм, макъамэм сыт хуэдэ мыхьэнэ иІэ?**

- Москва сыщылэжьэну Іэмал сиІащ. Ауэ си лэжьапІэр, лэжьэгъухэр, сабийхэр, Налшык къалэр сигу пыкІакъым. СэркІэ мыхьэнэ иІэщ сызыхэт гупым. ПцІыр сыткІэ щхьэпэ, сэ сыхуейт Дианэрэ Іэдэмрэ хуэдэ сабий нэхъыбэм садэлэжьэну, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди зэманым гъуазджэм дихьэхыр мащІэщ. А мащІэм щыщу зыбжанэращ ар ІэщІагъэу къыхэзыхыр.

**- Мадинэ, уэ узэреплъымкІэ, сабийр илъэс дапщэм щегъэжьауэ музыкэм хуебгъаджэ хъуну?**

- Илъэситхум щыщІэдзауэ мащІэ-мащІэурэ макъамэм и дунейм хэпшэ хъунущ. Махуэ къэс сыхьэт ныкъуэкІэ удэлажьэурэ дебгъэхьэхын хуейщ.

**- Сыт хуэдэ ныбжьым щыщІэдзауэ музыкэм хэпшэну кІасэ щыхъур?**

- Илъэсипщ І ныбжьым иту музыкэм хуеджэн щІэзыдзэхэм ар ІэщІагъэ яхуэхъужынукъым. ИлъэсибгъуІ иджыри къищтэжынкІэ хъунущ, ауэ адэкІэ кІасэ мэхъу.

*НыбжьыщІэхэми, егъэджакІуэми, Макъамэ школми я ехъулІэныгъэмкІэ дохъуэхъу. Дианэрэ Іэдэмрэ ди щІыналъэм, къызыхэкІа лъэпкъым я цІэр жыжьэ зыгъэІун цІыху хъуну, макъамэ гъуазджэм «я псалъэ» щыжаІэну ди гуапэщ.*

*Епсэлъар*
**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис







Зыгъэхьэзырар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ

## Дзасэкlэ гъэжьа мэлыл

Мэлылыр яупщIатэ г 30 - 35-рэ я хьэлъагъыурэ, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, дзэху тепщэчым иралъхьэ, яшыу, шыбжий хаудэ, бжьын ущэба халъхьэри, фIыуэ зэIащIэ. Абы, зэIащIэурэ, къундэпсо щIыIэ щIакIэ, и щхьэр трапIэж, щIыIапIэ ягъэуври нэху кърагъэкI. А зэманым лыр зэтIэу зэIащIэ. Лыр ягъэжьэн и пэ къихуэу, къундэпсо щIагъэж, лыр Iэнэ гъущэм е пхъэбгъум тракIутэри, лым кIэрыпщIахэр къыкIэрах икIи лыр ягъэжэпхъ. Лы тыкъыр жэпхъахэр дзасэм фIалъхьэри, мафIэ дэпкIэ хьэзыр хъуху ягъажьэ. Лы жьар тхъуэплъ дахэу, мэ гуакIуи къыхихыу щытын хуейщ. Пщтыру Iэнэм трагъэувэ. Дашх щIакхъуэ, чыржын, хьэлIамэ.

***Халъхьэхэр (цIыхуиплI Iыхьэ):***
мэлыл лыпцIэу - г 1200-рэ,
къундэпсоуэ - г 2000,
бжьыныщхьэ ущэбауэ - г 100,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

● Шхыныгъуэхэр



● Псалъэжьхэр

# НэрыIэзэ Iэпэзадэ

✦Блэжьын бгъуэтмэ, пшхыни бгъуэтынщ.
✦Дыщэр дыщэ зыщIыр пщIэнтIэпсщ.
✦Гугъу уехьу къэблэжьыр Iэфlщ.
✦Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.
✦Къуажэ зиIэ нэхърэ Iэ зыфIэт.
✦Мэлыхъуэр куэдмэ, мэлыр хьэрэм мэхъу.
✦Мыдэф и Iуданэ кIыхьщ.
✦НэрыIэзэ Iэпэзадэ.
✦ПщIэнтIэпс пщIэншэ хъуркъым.
✦Iуэхуншэ псалъэрейщ.
✦Ахъшэ и куэдмэ, делэми пщыщ.
✦Зи Iуэ былым из нэхърэ, зи щхьэ акъыл ит.
✦Ибэр бэшэчщ.
✦Изрэ ныкъуэрэ зэрыщIэркъым.
✦Дунейр къэкIухьи уи унэ ихьэж.
✦Япэ умыуэ, къауэм ущымысхь.
✦Дыщэ унэ нэхърэ уи унэжь.

● ГъэщIэгъуэнщ

# Хым тета Генри

ПОРТУГАЛИЕМ и пащтыхьыкъуэ Генри (1394 - 1460) и гъащIэ псор зытриухуар цIыхум и лъэр здынэмыса щIы IэнэщIхэр къэхутэнырщ. Португалием и Альгарвэ и губернатору щыткIэрэ, кхъухьхэр щаухуэ, щызэрагъэпэщыж щIыпIэ иухуащ, хым техьэнухэр щагъэхьэзыр школ къызэIуихащ.

Хым фIыуэ хэзыщIыкI, щес цIыхухэр, астрономхэр, географхэр зэхуишэсри, Африкэм и къухьэпIэ лъэныкъуэм и хыIуфэр къэзыхутэну экспедицэхэр зэригъэпэщащ. Апхуэдэ гуп 14 иригъэжьат Генри, ауэ Боядор плIанэпэм зэрынэсу къагъэзэжырт. Абыхэм жаIэрт адэкIэ тенджыз щхъуантIэ шынагъуэ гуэр щыIэу, къыщепс дыгъэр апхуэдизкIэ гуащIэщи хыр къигъэкъуалъэу, цIыхуфэр фIыцIэу трижьыкIыу, зэи цIыхум имылъэгъуа псэущхьэ шынагъуэ гуэрхэр щыпсэууэ.

Апхуэдэурэ екIуэкIащ 1434 гъэр къэсыху. Абы щыгъуэ Генри и чэнджэщэгъуу и акъылэгъуу щыта, Иннес Жил хым техьащ, жыхуаIа плIанэпэм адэкIэ щыIэхэр зригъэлъагъури, псэууэ къигъэзэжауэ щытащ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

## КIэртIоф цIывынэкIэ щIа хьэнтхъупс

Шыуаным псы щIыIэ ирагъэжыхь, шэ щIэмыху иракIэ, шыгъу хадзэри зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. БэлагъкIэ зэIащIэурэ абы кIэртIоф цIывынэр хакIутэ. МафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум къытрахыжри бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапIэри, дакъикъитху-хыкIэ щагъэт. Iэнэм фалъэкIэ трагъэувэ, шатэ хэкIауэ. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):***
шэ щIэмыхуу - г 1400-рэ,
кIэртIоф укъэбзауэ - г 300,
гуэдз хьэжыгъэу - г 60,
джэдыкIэу - 1,
ехъуцIынэу - г 30,
шатэу - г 50,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.
***Бжьын гъэлыбжьам:***
тхъууэ - г 30,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 40,
шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Теплъэгъуэ



● ЖыIэгъуэхэр

# ШыIэныгъэмрэ къарумрэ

✦ЦIыхум куэдрэ ущымытхъу, абы Iуэху мыщхьэпэ кърикIуэнкIэ хъунущ.
✦Гугъэр бгъэфIэн, пхъумэн хуейщ. Ар гум и щIэгъэкъуэн къызэрымыкIуэщ.
✦Лъагъуныгъэм и щэху псори зыщIэр зыгуэр фIыуэ зылъагъурщ.
✦Хэхъуэм и Iэмал нэхъ тыншыр пщIэншэу умыгъэкIуэдынырщ.
✦Зэдауэм и хеящIэ нэхъыщхьэр зэманырщ.
✦УкIытэр цIыхум напэ зэриIэм щыхьэт техъуэ Iуэхущ.
✦ШыIэныгъэр къарум нэхърэ нэхъ лъапIэщ.
✦Къаруракъым пэжымрэ захуэмрэ зыхэлъыр, атIэ пэжымрэ захуэмрэщ къару хъужыр.
✦ШыIэныгъэм губзыгъагъэмрэ хахуагъэмрэ я гъуэгур къыпхузэIуех.
✦ЗыхыумыщIыкI Iуэхум упэрымыхьэ.
✦Щыуагъэр акъылым и япэ дерсщ.
✦Щэнхабзэр жылагъуэм и зыужьыныгъэр цIыхухэм я фIэщ зыщI Iуэхущ.
✦Делэм зэрызыщыпхъумэнур шыIэныгъэщ.
✦ФэрыщIагъэм гуапагъэ къудей мыхъумэ, зы сэбэпынагъ къыпэкIуэркъым.
✦Ди щхьэ дзыхь зэрыхуэтщIыжыр нэхъ мащIэху, нэгъуэщIым жиIэр нэхъыбэу ди фIэщ мэхъу.
✦Уи IэщIагъэм хуиIэ лъагъуныгъэм узыхуишэр Iэзагъырщ.
✦Гуапагъэм нэхърэ нэхъ къару лъэщ щыIэкъым.
✦Iэзагъыр, лэжьыгъэр, лъагъуныгъэр зэхыхьа нэужь зэчий къагъэщI.

ХЪУРЕЙ Феликс.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Шыщхьэм кIэрыщIа къэлътмакъ, Iус илъу. **6**. Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **8**. ЦIыхур зэрызэIэзэ хьэпщхупщ, хьэмбылум ещхьу. **9**. ХэгъукIхэфыкIыу щIэзыдза жыгым къытекIэ Iэгъэбэгу. **14**. Зрагъэдахэу, цIыхубзхэм кърахьэкI хьэпшып цIыкIу. **15**. Мазэ хьэкъ, лэжьапщIэ, ...

***Къехыу:*** **1**. Гуэгушыхъум, къазыхъум я бгъэгум тетщ. **2**. Фэ гъэтэджа. Е ... бгырыпх. **3**. IэмыкIуэлъэмыкIуэ. **4**. Фо нэхърэ ... нэхъ Iэфlщ. **7**. «Кхъужьей ...» - КIыщокъуэ Алим и усэ цIэрыIуэ. **10**. Къалэ-лIыхъужь. **11**. Абы тутын иракIутэурэ ирофэ. **12**. Мэш хьэуазэ. **13**. Iэпслъэпсым щыщ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мэкъуауэгъуэм и 14-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Куэдрэ. **6**. ЩIэхщи. **7**. Нэдым. **9**. Шэ. **10**. Щэ. **11**. Махуэр. **12**. Ди. **14**. Гъэ. **15**. СщIымэ. **16**. Щытхъуи. **18**. Нащэр.

***Къехыу:*** **1**. Нэхърэ. **2**. Сэ. **3**. ЕщI. **4**. Пщыжщ. **7**. Нэмыс. **8**. Мардэ. **13**. Илъкъым. **14**. ГъащIэр. **17**. Игу. **18**. Нэ.



# Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр зыгъэкIуатэхэр

● Гъуазджэ



**«Лазурная волна - Сочи 2023» гъуазджэхэмкIэ VIII дунейпсо зэпеуэмрэ «Сочэ 2023» VII дунейпсо пленэр-зэпеуэмрэ зэхэту мэкъуауэгъуэм и 17-м щегъэжьауэ махуиплIкIэ Лазаревскэ щIыналъэм щекIуэкIащ.**

УРЫСЕЙМ и щIыпIэ куэдым къикIа, зэфIэкI зиIэ гупхэр, уэрэджыIакIуэхэр зэхуэзышэсар Дунейпсо Арт комитетращ. А зэпеуэхэм я къэпщытакIуэхэм хэтащ цIыху цIэрыIуэхэу Бейтыгъуэн Iэуес, Дзугутовэ Лидие, Дзэгъэл Iэуес, Даур Иринэ, Погосян Вартан, Ало Алан сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэпеуэм и кIэух Iыхьэр, еплIанэ махуэр, абы хэтахэм я концерт инкIэ зэхуащIыжащ. КъызэгъэпэщакIуэхэм жаIащ а зэхыхьэр лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр. Гухэхъуэт икIи нэгузыужьт а концертыр. Зэпеуэм хэта псоми щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр иратащ, нэхъыфIхэм дыщэ медалхэр хуагъэфэщащ.

«Лазурная волна - Сочи 2023» зэпеуэм и Гран-прир хуагъэфэщащ: къафэмкIэ - Урысейм щIыхь зиIэ и къэфакIуэ гуп, цIыхубэ къафэмкIэ «Псыгуэнсу» гупым (я унафэщIыр Мыз Хьэжмуратщ), Дагъыстэным я «Горцы» къэфакIуэ школымрэ «Ак-Таш» къафэмкIэ театрымрэ (унафэщIыр Солтангишев Магомедрасулщ), Кожлаев М. и цIэр зэрихьэу, зэфIэкI лъагэ зиIэ сабийхэм зыщагъасэу, Дагъыстэным щылажьэ «Килиан» гъуазджэхэмкIэ школым (унафэщIыр Магомедтагировэ Клавдиещ), Владикавказ къалэм щылажьэ «АРИОН» ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупым (унафэщIыр Болатаев Эрикщ), Владикавказ дэт ГъуазджэхэмкIэ лицейм и лэжьакIуэ гупым (унафэщIыр Цагараевэ Джинэщ), уэрэд жыIэнымкIэ - Шэшэн Республикэм я «Ихьсан» сабий студием ( унафэщIыр Муцаевэ Седэщ), «BELKANTO» щапхъэ зытрах ансамблым и уэрэджыIакIуэ Погосян Гарри (егъэджакIуэр Феоктистовэ Дианэщ).

КъызэгъэпэщакIуэ гупым я унафэщI, Дунейпсо Арт комитетым и вице-президент Бейтыгъуэн Iэуес жиIащ мы зэпеуэм хэта псоми зэфIэкI ин ябгъэдэлъу къызэрилъытэр, я гуащIэ щымысхьу абыхэм ядэлэжьа егъэджакIуэхэм фIыщIи щытхъуи зэрахуэфащэр.



**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.**

# Ухуэнығъэхэр зэпыуркъым

**«Къуажэхэм зегъэужьын» лъэпкъ пэхуэщIэм хиубыдэу Псыхъурей жылэм ЩэнхабзэмкIэ унэщIэ щаухуэ, сабий садыр зыхуей щыхуагъэзэ.**

МЫ зэманым а тIуми зэгъусэу унэ кIуэцI лэжьыгъэхэм щыпэрыуващ. Абы къыдэкIуэу щIэкIэ яхъуэжынущ унащхьэр, ток кIапсэхэр, унэ лъэгухэр, унэр къызэрагъэплъ Iэмэпсымэхэр.

Къатхъэным и цIэр зезыхьэ уэрамым и гъуэгур зэрагъэпэщыжащ, иджыпсту къэухьэр ягъэув. Жылэдэсхэм я лъэIукIэ къуажэм дэт къулыкъущIапIэхэм екIуалIэу лъэс лъагъуэщIэ яухуэнущ.

Бахъсэн къалэм щаухуэ школыщIэ, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ МафIэ мыужьыхым екIуалIэ лъэс зекIуапIэр зэIузэпэщ ящI, Лазо и цIэр зезыхьэ уэрамыр зэрагъэпэщыж.

Ухуэнығъэхэр Бахъсэн къалэм и унафэщIхэм я нэIэм щIэту, къыхуагъэувa пIалъэм къыкIэрымыхуу кърахьэлIэ.

Бахъсэн къалэм и «Кооператор» хьэблэм автовокзалыщIэ къыщызэIуахащ. ЩIыпIэм и унафэщIхэр иджыпсту хоплъэ цIыху къызэрырашэкI транспортхэм я лэжьэкIэм дяпэкIэ халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм, вокзалым шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным епха хабзэхэм.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# «Хьэуа къабзэ»

**Апхуэдэ фIэщыгъэм щIэту 2023 - 2024 гъэхэм Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми щагъэзэщIэнущ «ЩIыуэпс» къэрал программэм и унэтIыныгъэ нэхъ инхэм ящыщ зыр. Ар хуэунэтIащ цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэзыгъэпэщ Iуэхущ IапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр иджырей щIыуэпс къабзагъэ мардэхэм ткIийуэ тегъэувэным.**

А КЪАЛЭНЫР зи пщэ дэзылъхьа, Урысейм кIэлъыплъыныгъэмкIэ и къулыкъущIапIэм къыипщытэнущ къалэ къэс, я инагъым емылъытауэ, промышленнэ IуэхущIапIэу дэтыр, цIыхухэм я узыншагъэм зэран хуэхъу щыIэмэ, ахэр икIэщIыпIэкIэ ягъэзэкIуэжын хуэдэу.

Ди къэралым щымащIэкъым промышленнэ къалэшхуэхэр, нэхъ цIыкIухэми IуэхущIапIэ мыинхэр щагъэлажьэ. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIыу абыхэм ящыщ куэд экологием ехьэлIауэ щыIэ шынагъуэншагъэ мардэхэм ебэкъуэн хуей мэхъу, адэкIэ абы кърикIуэнкIэ хъуну псом емыгупсысу.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр къапоплъэ газкIэ, фIамыщIкIэ лажьэ хьэкухэр зиIэхэм зэманым къемызэгъыж Iэмэпсымэхэм. «Программэ Ипщэ», «Программэ Ищхъэрэ» фIэщыгъэхэм щIэту Iуэхур пIалъэ пыухыкIам тету кърахьэлIэнущ.

2022 гъэм проектыр щагъэзэщIащ къалэ 29-м. Дызытехьа 2023 гъэм и фокIадэ мазэм абыхэм я бжыгъэр 41-м нэсынущ. Апхуэдэу 2023 - 2024 гъэхэм къриубыдэу Урысейм и щIыналъэ псоми пэхуэщIэр щагъэзэщIэну траухуащ.

Къэрал мылъкум къыхэкIыу абы хухахащ сом меларди-щэхэр. Хьэуар зэрагъэкъэбзэну IэмэпсымэщIэхэм я сэбэпкIэ лэжьыгъэм трагъэкIуадэ электрокъарур зэгъэзэхуа хъунущ, предприятэхэм я фейдэм хэхъуэнущ, автомобилхэм къапих гъуэз зэранхэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хъунущ. А Iуэхум теухуауэ щIыналъэхэр щIадзауэ къызэрагъэпэщ хьэуам и къабзагъэм зэран хуэмыхъу, цIыхухэр къызэрырашэкI транспорт лIэужьыгъуэщIэхэмкIэ. Ахэр яузэдынущ къалэ кIуэцIхэм щыIэ хьэуам и къабзагъэр къэзыгъэлъагъуэ IэмэпсымэхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэтщтэнщи, Налшык и уэрам нэхъыщхьэхэм трагъэуващ зи гугъу ящI щIыуэпс къабзагъэ мардэхэм тет автобусышхуэхэр. Зэрыфлъагъущи, ахэр къызэгъэпэщащ хьэуар зыгъэкъабзэ IэмэпсымэхэмкIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэуам къабзагъэкIэ къыпэхъун къэгъуэтыгъуей пэтми, бизнес цIыкIумрэ ику итымрэ я лэжьэкIэхэм я лъэныкъуэкIэ гу зылъытапхъэхэри зэрыщыIэм шэч хэлъкъым.

Къабзагъэ мардэм хиубыдэр хьэуам и закъуэкъым: узыншагъэм зэран хуэхъу пкъыгъуэхэр, газхэр, IуэхущIапIэхэм екIуалIэ псы зрикIуэ бжьамийхэм я щытыкIэмрэ абыхэм къиж псыр зыхуэдэмрэ - а псори къызэщIиубыдэнущ лъэныкъуэ куэдкIэ лэжьэну программэм. Абы сэбэпынагъыу цIыхум къахудэкIуэнур къызэрыплъытэ хъуну щапхъэхэщ Налшык и «Гидрометаллург», Нарткъалэ дэта абдж заводхэр, нэгъуэщIхэри.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.683
Заказыр №1362

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А